2. Menapa Panjenengan sumedya nggulawenthah putra (-putra) panjenengan supados imanipun tuwuh, ngantos nalika diwasa putra (-putra) Panjenengan nélakaken pangaken pitados?
3. Menapa Panjenengan sumedya nampèni pangengèn adhedhasar Kitab Suci, menawi panjenengan nglirowakaken bebahan nggulawenthah putra (-putra) panjenengan?

Kadospundi wangsulan panjenengan, Sadhèrèk ?

(kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Paladosan Baptis

.....*(kasebat naminipun)*

Kowé dak baptis ing asmané Rama, Putra, lan Roh Suci.

Berkah

Gusti Allah ingkang nimbali panjenengan dalah putra panjenengan dhateng gesang énggal, mberkahi panjenengan dalah putra panjenengan kanggé tumuwuh ing salebeding iman, ngantos nggayuh kawilujengan sampurna.

Amin.

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur awit saking sih-rahmating sakramèn, pandonga kanggé laré ingkang sampun nampèni sih-rahmating sakramèn, pandonga kanggé tiyang sepuh tuwin pasamuwan)

PANUTUP

Pasrahan Serat Pratandha Baptis

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Tiyang sepuh ingkang mbaptisaken putra lan laré ingkang sampun kabaptis madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, menika laré (-laré) ingkang sampun nampèni sakramèn baptis, tampènana laré (-laré) menika ing salebeding Gusti minangka warganing pasamuwan. Biyantonana laré (-laré) menika supados saged tuwuh imanipun ngantos dumugi wekdalipun dados warga pasamuwan ingkang diwasa.

(Tiyang sepuh ingkang mbaptisaken putra dalah laré ingkang sampun kabaptis dipunaturi lenggah.)

PRATÉLAN SAKRAMÈN BAPTIS (Diwasa)

BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken sakramèn baptis.

Sakramèn baptis menika pirantos pangrimating kapitadosan babar pindhah tandha pakaryaning Allah ingkang milujengaken. Sakramèn baptis nedahaken:

1. pangresikaning manungsa saking dosanipun srana rahipun Sang Kristus;
2. pangapuntening dosa;
3. panganggepleresipun Allah dhateng manungsa; tuwin
4. kalairaken dados énggal.⁷⁸

Pandonga

(Pandonga pacawisan lampahing Sakramèn Baptis)

⁷⁸ Pir. PPA GKJ Bab IV.6.a

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang badhé kabaptis kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan saged dados seksi bilih Sadhèrèk (-sadhèrèk) nampèni pakaryaning Allah ingkang milujengaken sarta sumadya nindakaken karsanipun Allah, Sadhèrèk (-sadhèrèk) kula aturi mangsuli pitakénan menika:

1. Menapa Panjenengan pitados saèstu bilih sih-rahmatipun Allah ingkang milujengaken wonten ing Gusti Yésus Kristus?
2. Menapa Panjenengan sagah gesang laras kaliyan karsanipun Allah kanthi njagi kasucèning sakramèn, tetunggilan kaliyan pasamuwan tuwin ngyakini *sahadat*?
3. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan, Sadhèrèk ?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Paladosan Baptis

.....*(kasebat naminipun)*

Kowé dak baptis ing asmané Rama, Putra, lan Roh Suci.

Berkah

Gusti Allah mberkahi panjenengan kanggé nglampahi gesang énggal minangka seksi prajanjinipun Allah ngantos nggayuh kawilujengan sampurna. Amin.

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur awit saking sih-rahmating sakramèn, pandonga kanggé Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang kabaptis tuwin kanggé pasamuwan)

PANUTUP

Pasrahan Serat Pratandha Baptis

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Tiyang ingkang kabaptis madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, menika Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang sampun nampèni sakramèn baptis. Tampènana tuwin biyantonana Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika ing salebetipun nglampahi gesang énggal. Panjenengan ajak Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika wonten ing paladosan sesarengan.

(Tiyang ingkang kabaptis dipunaturi lenggah.)

PRATÉLAN

PANGAKENING PITADOS (SIDI)



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken pangakening pitados.

Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika sampun kabaptis nalika taksih laré, ngantos sampun nampèni sihrahmating kawilujengan tuwin dados warganing pasamuwan. Samangké, sasampunipun diwasa, awit saking panuntunipun Roh Suci, Sadhèrèk (-sadhèrèk) kasebat badhé mratélakaken pangakening pitados, minangka bukti bilih Sadhèrèk (-sadhèrèk) sampun pitados saha nampèni kawilujengan sihrahmatipun Allah, sarta cumawis nampèni hak dalah tanggeljawab minangka warga diwasa.

Pandongga

(Pandongga pacawisan tumindakipun Pangakening Pitados)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang badhé mratélakaken pangakening pitados kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan saged dados seksi nggah pangakening pitados Panjenengan, mila kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan pitados saèstu sampun nampèni sih-rahmat kawilujenganing Allah ing Gusti Yésus Kristus, lumantar Sakramèn Baptis nalika panjenengan taksih laré?
2. Menapa Panjenengan sagah gesang laras kaliyan karsanipun Allah kanthi njagi kasucèning sakramèn, tetunggilan kaliyan pasamuwan tuwin ngyakini *sahadat*?
3. Menapa panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulane panjenengan, Sadhèrèk ?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Berkah (Sidhi)

Gusti Allah mberkahi panjenengan kanggé njagi kawilujengan sarta nyeksèkaken menggah pakaryaning Allah ingkang milujengaken ngantos nggayuh kawilujengan sampurna. Amin.

Pandonga Sokur

(Pandonga sokur kanggé Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang ngakeni kapitadosanipun tuwin kanggé pasamuwan)

PANUTUP

Pasrahan Serat Pratandha Pangakening Pitados

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Tiyang ingkang ngakeni kapitadosanipun madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, menika Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang sampun mratélakaken pangakening pitados. Tampènana tuwin biyantunana Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika dados warga diwasa saha panjenengan ajak Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika wonten ing paladosan sesarengan.

(Tiyang ingkang ngakeni kapitadosanipun dipunaturi lenggah.)

PRATÉLAN

TETEPAN NENINGKAHAN TUWIN

PAMBERKAHAN SESÉMAHAN



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken Tetepan Neningkahan lan Pamberkahan Sesémahan tumrap Sadhèrèk lan Sadhèrèk Kita sadaya ingkang rawuh ing wekdal samangké dados seksi menggah neningkahanipun pangantèn sakaliyan.

Tetepan neningkahan lan pamberkahan sesémahan dipunladosaken tumrap tiyang jaler satunggal kaliyan tiyang èstri satunggal wonten ing tetangsulaning prajanjèn salaminipun gesang minangka tiyang jaler lan èstri ingkang sesémahan, tuwin kacathet manut angger-anggering nagari ingkang sah.⁷⁹

Tiyang ingkang gesang ing salebeding sesémahan, tinimbalan supados gesang kisènan panuwun sokur kanthi:

1. maujudaken dalah njagi wetahing, lestantuning sarta kasucèning brayat;
2. nggulawenthah brayat wonten ing Sang Kristus;
3. gesang kanthi tanggeljawab miwah dados berkah tumrap pasamuwan saha masarakat.

⁷⁹ Purwaning Dumadi 2:24, Matius 19:6; Pir. Pedoman GKJ Bab II.E.1.

Pandongga

(Pandongga pacawisan lampahing Tetepan Neningkahan lan Pamberkahan Sesémahan)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Pangantèn sakaliyan kula aturi jumeneng, inggih menika Sadhèrèk dalah Sadhèrèk

Supados pasamuwan dados seksi bilih panjenengan kekalih sarujuk tuwin kanthi tumemen kanggé gesang ing salebeding sesémahan, keparenga kula takèn:

Menapa panjenengan èstu-èstu sagah nindakaken timbalanipun Gusti tumrap tiyang ingkang gesang ing salebeding sesémahan?

Kadospundi wangsulan panjenengan, Sadhèrèk

(Pangantèn kakung: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kadospundi wangsulan panjenengan, Sadhèrèk

(Pangantèn putri: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Ngucapaken Janji Nikah

(Pangantèn kakung ngucapaken janji nikah, kalajengaken pangantèn putri)

"Ing ngarsanipun Gusti Allah tuwin pasamuwan Kristen ing ngriki, kula ngakeni bilih menika sémah kula, peparingipun Gusti Allah. Kula prajangi badhé tansah nresnani lan mitulungi kanthi setya, saé ing salebeding bingah menapadéné sisah. Kula lan sémah kula badhé tansah ngabekti dhumateng Gusti Allah saha njagi kasucèning brayat kanthi netepi Pangandikanipun.

Tetepan Neningkahan

Atas namining gréja, kula netepaken neningkahan panjenengan sakaliyan minangka neningkahan ingkang sah. Ing asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pamasangan Sesupé Neningkahan

(Pangantèn ngetrapaken sesupé neningkahan)

Paladosan Berkah

(Pangantèn sakaliyan sujud jèngkèng, pandhita nglantaraken berkah)

Gusti Allah Ingkang Mahatresna sampun nunggilaken panjenengan kekalih dados tiyang jaler lan èstri ingkang jejodhoan. Gusti Allah mberkahi panjenengan sakaliyan kanggé mbangun brayat ingkang begja miwah tentrem rahayu ing salami-laminipun. Amin.

Pandongan Sokur

(Pandongan sokur menggah neningkahan gréja, pandongan kanggé pangantèn sakaliyan dalah brayatipun)

PANUTUP

Pasrahan Serat Pratandha Ningskah Gréja

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Pangantèn madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, menika pangantèn ingkang sampun katetepaken neningkahanipun tuwin binerkahan sesémahanipun dados brayat énggal. Tampènana tuwin biyantonna pangantèn sakaliyan menika supados dados brayat ingkang begja miwah tentrem rahayu.

(Pangantèn dipunaturi lenggah)

PRATÉLAN

PANAMPINING PAMRATOBAT



BEBUKA

Cecala

Para sadhèrèk ingkang kinasih, ing wewengan menika badhé kaladosaken panampining pamratobat tumrap Kita ingkang sami rawuh ing ngriki dados seksi menggah pamratobatipun Sadhèrèk (-sadhèrèk) kita.

Panampining pamratobat kaladosaken tumrap warganing pasamuwan ingkang kepéngin mratélakaken pamratobatipun. Gusti Allah ingkang kapenuhan sih-katresnan tuwin pangapunten, karsa nampèni pamratobating umat Kagunganipun.⁸⁰

Pandongga

(Pandongga pacawisan Panampining Pamratobat)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang badhé mratélakaken pamratobatipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan saged dados seksi menggah katemenaning pamratobat Panjenengan, mila kula aturi mangsuli pitakènan menika:

⁸⁰ Kacundhukna (Kcn.) Lukas 15:7

1. Menapa Panjenengan ngrumaosi, ngakeni tuwin nelangsani dosa Panjenengan, sarta kanthi temen-temen kepéngin mratélakaken pamratobat Panjenengan?
2. Menapa Panjenengan pitados bilih Gusti Allah karsa nampèni pamratobat Panjenengan, sarta Panjenengan ngakeni bilih pasamuwanipun Gusti ing ngriki mujudaken pirantosipun Gusti kanggé nampèni pratélaning pamratobat Panjenengan?
3. Menapa Panjenengan prajangi kanggé gesang ing salebeding kasetyan dhumateng Gusti Allah tuwin nebih saking pandamel dosa?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Paladosan Berkah

Gusti Allah ingkang kapenuhan ing sih-katresnan maringaken sihirahmating pangapuntèn tumrap Panjenengan miwah maringi berkah Panjenengan kanggé nglampahi gesang ing salebeding kasetyan dhumateng Gusti Allah, samangké ngantos ing salami-laminipun. Amin.

PANUTUP

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur kanggé Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang mratélakaken pamratobat)

Pasrahan dhateng Pasamuwan*

(Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang mratélakaken pamratobat madhep dhateng pasamuwan)

Para sadhèrèk ingkang kinasih; Menika Sadhèrèk (-sadhèrèk) kita ingkang sampun mratélakaken pamratobatipun. Tampènana tuwin biyantonana Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika supados saged nglampahi gesang ing salebeding kasetyan dhumateng Gusti Allah.

(Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang mratélakaken pamratobat dipunaturi lenggah)

**) Ukara menika dipunaturaken menawi paladosan panampining pamratobat katindakaken wonten ing salebeding pangibadah.*

PRATÉLAN

PALÈRÈHAN TUWIN TETEPAN

PINISEPUH DALAH/UTAWI DHIAKEN



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken palèrèhan tuwin tetepan Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken.

Minangka gesang-réligius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, pasamuwan nggadhahi kepemimpinan ingkang dumados saking kalih sisih. *Kapisan*, sisih kaallahan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning Allah lantaran Roh Suci ngagem Kitab Suci minangka pirantosi-Pun. *Kaping kalih*, sisih kamanungsan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning manungsa ingkang dipun timbali déning Allah minangka mitra tunggil ayahan ingkang kaparingan ganjaran kalenggahan ing pasamuwan.⁸¹

Sesarengan Pendhita, Pinisepuh tuwin Dhiaken dados ingkang kawogan tanggel jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja. Pinisepuh nggadhahi bebahan mirunggan mranata gesanging gréja, wondéné Dhiaken nggadhahi bebahan mirunggan olah kawelasan dhateng warganing pasamuwan tuwin masarakat.⁸²

⁸¹ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 9.

⁸² Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

Pandongga

(Pandongga pacawisan lampahing Palèrèhan tuwin Tetepan Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken)

TUMINDAKIPUN

Palèrèhan

Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken ingkang sampun purna wekdaling paladosanipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Manut pranataning gréja, wekdaling paladosan Panjenengan (-sadaya) minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken sampun purna. Awit saking menika kula pratélakaken kanthi resmi bilih Panjenengan (-sadaya) sampun mungkasi kalenggahan minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken.

Pradataning pasamuwan kaliyan warganing pasamuwan ngaturaken panuwun dhateng Panjenengan ingkang sampun sesarengan nindakaken bebahan paladosan kanthi setya saha tanggel jawab. Ugi ngaturaken panuwun dhateng brayat Panjenengan ingkang sampun nyengkuyung paladosan Panjenengan. Sinaosa Panjenengan mboten dados Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken malih, kula ngajeng-ajeng Panjenengan tansaha mepeng ing salebeding paladosan.

(Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken ingkang sampun purna wekdaling paladosanipun dipun aturi lenggah nunggil kaliyan pasamuwan)

Pananting

Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang badhé katetepaken minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken, mila kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan (-sadya) ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken?
2. Menapa Panjenengan (-sadya) sagah nindakaken bebahan minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan (-sadya) sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadya pirantos paladosan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Tetepan Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken

Atas namining gréja, kula netepaken Panjenengan (-sadya) minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken. Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan (-sadya) kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur kanggé Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang sampun purna wekdaling paladosanipun tuwin ingkang dipun tetepaken minangka Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken sarta kanggé pasamuwan)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Tetepan

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken ingkang dipun tetepaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken ingkang nembé kémawon dipun tetepaken menika. Tresnanana tuwin biyantonana Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang nembé kémawon dipun tetepaken, ing ngajeng Panjenengan (-sadaya) menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan (-sadaya) engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin ladosana masarakat.

(Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken ingkang nembé kémawon dipun tetepaken dipun aturi lenggah nunggil kaliyan warganing pradata pasamuwan sanèsipun).

Katrangan:

Pinisepuh dalah/utawi Dhiaken ingkang nembé kémawon dipun tetepaken anggènipun nèkeni Pokok-pokoking Piwulangipun Gréja Kristen Jawa saged katindakaken ing sanjawining ibadah.

PRATÉLAN TAHBISAN PENDHITA



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawraton ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken tahbisan pendhita.

Minangka gesang-réligius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, pasamuwan nggadhahi kepemimpinan ingkang dumados saking kalih sisih. *Kapisan*, sisih kaallahan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning Allah lantaran Roh Suci ngagem Kitab Suci minangka pirantosi-Pun. *Kaping kalih*, sisih kamanungsan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning manungsa ingkang dipun timbali déning Allah minangka mitra tunggil ayahan ingkang kaparingan ganjaran kalenggahan ing pasamuwan.⁸³

Pendhita menika kalenggahan ing pasamuwan, saé asipat fungsional menapadéné struktural, ingkang kaparingaken minangka ganjaran dhateng satunggaling tiyang ingkang dipun timbali, dipun pilih, tuwin dipun tahbisaken kanggé ngladosi pasamuwan sawetahing wekdal. Sesarengan Pinisepuh tuwin Dhiaken, Pendhita dados ingkang kawogan tanggel jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja. Wondéné bebahan mirunggan pendhita menika memulang tuwin ngladosaken sakramèn, kalawan tebaning paladosan nyrambahi wewengkon pasamuwan sapanggénan, klasis, sinodhe, dalah gréja-gréja sanès ing salebeding tetangsulan oikumené.⁸⁴

⁸³ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 9.

⁸⁴ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

Pandongga

(Pandongga pacawisan lampahing Tahbisan Pendhita)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk ingkang badhé dipun tahbisaken minangka pendhita, kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan netepi timbalan minangka Pendhita, kula aturi mangsuli pitakèn menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan dados Pendhita lantaran pasamuwani-Pun wonten ing tetangsulaning rerukunan kaliyan Klasis tuwin Sinode GKJ?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka Pendhita kanthi sawetahing tanggal jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan

(Kawangsulun: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Paladosan Berkah Tahbisan

(Sadaya pendhita ingkang rawuh tumut numpangaken asta)

Ing ngarsanipun Gusti saha ing ngajenging pasamuwani-Pun, Panjenengan dipun tahbisaken minangka pendhita:

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggal jawab. Amin.

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur kagem sadhèrèk ingkang dipun tahbisaken minangka pendhita)

Pasrahan Simbul-simbul Paladosan

1. Ngagemaken toga/busana liturgis kapandhitan.
2. Pasrahan praboting Sakramèn Baptis
“Mulané padha lungaa, sakèhing bangsa padha dadèkna murid-Ku, klawan dibaptisi ing asmané Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci,”⁸⁵
3. Pasrahan praboting Sakramèn Bujana
“Awit saben-saben kowé padha mangan roti iki sarta ngombé ing tuwung iki, iku ateges kowé padha martakaké sédané Gusti nganti tumeka ing rawuhé.”⁸⁶
4. Pasrahan Kitab Suci
“Kowé nggelarna pangandika, samektaa ing waktu kang becik utawa kang ora becik, nuduhna apa kang salah, ngélingna lan mituturana kalawan sakèhing kasabaran lan piwulang.”⁸⁷

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Tahbisan

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Pendhita ingkang dipun tahbisaken madhep dhateng pasamuwan)

Pendhita, ing ngajeng Panjenengan menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin ladosana masarakat.

Pasamuwan ingkang kinasih, ing ngajeng panjenengan sadaya menika Pendhita Tampènana, tresnanana tuwin biyantona supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Pendhita ingkang dipun tahbisaken nglajengaken liturgi)

⁸⁵ Matius 28:19

⁸⁶ 1 Korintus 11:26

⁸⁷ 2 Timotius 4:2

PRATÉLAN

TETEPAN PENDHITA



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken tetepan pendhita.

Minangka gesang-réligius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, pasamuwan nggadhahi kepemimpinan ingkang dumados saking kalih sisih. *Kapisan*, sisih kaallahan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning Allah lantaran Roh Suci ngagem Kitab Suci minangka pirantosi-Pun. *Kaping kalih*, sisih kamanungsan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning manungsa ingkang dipun timbali déning Allah minangka mitra tunggil ayahan ingkang kaparingan ganjaran kalenggahan ing pasamuwan.⁸⁸

Pendhita menika kalenggahan ing pasamuwan, saé asipat fungsional menapadéné struktural, ingkang kaparingaken minangka ganjaran dhateng satunggaling tiyang ingkang dipun timbali, dipun pilih, tuwin dipun tahbisaken kanggé ngladosi pasamuwan sawetahing wekdal. Sesarengan Pinisepuh tuwin Dhiaken, Pendhita dados ingkang kawogan tanggel jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja. Wondéné bebahan

⁸⁸ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 9.

mirunggan pendhita menika memulang tuwin ngladosaken sakramèn, kalawan tebaning paladosan nyrambahi wewengkon pasamuwan sapanggènan, klasis, sinodhe, dalah gréja-gréja sanès salebeding tetangsulan oikumené.⁸⁹

Pandongga

(Pandongga pacawisan lampahing tetapan pendhita)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk ingkang badhé dipun tetepaken kapandhitanipun, kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan netepi timbalan kapandhitan, kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan minangka Pendhita lantaran pasamuwani-Pun wonten ing tetangsulaning rerukunan kaliyan Klasis tuwin Sinode GKJ?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan kapandhitan kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja, klasis, sinode, bebadan (pakempalan) paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

⁸⁹ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

Tetepan Pendhita

(Pendhita ingkang dipun tetepaken kapandhitanipun dipun kubengi déning para pendhita ingkang rawuh)

Atas namining gréja, kula netepaken kapandhitan Panjenengan. Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Paladosan Berkah

(Tumpang asta naming katindakaken déning pendhita ingkang netepaken)

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan kapandhitan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandong a Sokur

(Pandong a sokur kanggé Sadhèrèk ingkang dipun tetepaken minangka pendhita)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Tetepan

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Pendhita ingkang dipun tetepaken madhep dhateng pasamuwan)

Pendhita, ing ngajeng Panjenengan menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin ladosana masarakat.

Pasamuwan ingkang kinasih, ing ngajeng panjenengan sadaya menika Pendhita Tampènana, tresnanana tuwin biyantunana supados saged nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Pendhita ingkang dipun tetepaken nglajengaken liturgi)

PRATÉLAN

TAHBISAN TUWIN PANGUTUSAN

PENDETA PELAYANAN KHUSUS

(PPK)



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken tahbisan tuwin pangutusan Pendeta Pelayanan Khusus (PPK).

Minangka gesang-réligius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, pasamuwan nggadhahi kepemimpinan ingkang dumados saking kalih sisih. *Kapisan*, sisih kaallahan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning Allah lantaran Roh Suci ngagem Kitab Suci minangka pirantosi-Pun. *Kaping kalih*, sisih kamanungsan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning manungsa ingkang dipun timbali déning Allah minangka mitra tunggil ayahan ingkang kaparingan ganjaran kalenggahan ing pasamuwan.⁹⁰

Pendhita menika kalenggahan ing pasamuwan, saé asipat fungsional menapadéné struktural, ingkang kaparingaken minangka ganjaran dhateng satunggaling tiyang ingkang dipun timbali, dipun pilih, tuwin dipun tahbisaken kanggé ngladosi pasamuwan sawetahing wekdal. Sesarengan Pinisepuh tuwin Dhiaken, Pendhita dados ingkang kawogan

⁹⁰ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 9.

tanggél jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja. Wondéné bebahan mirunggan pendhita menika memulang tuwin ngladosaken sakramèn, kalawan tebaning paladosan nyrambahi wewengkon pasamuwan sapanggénan, klasis, sinodhe, dalah gréja-gréja sanès ing salebeding tetangsulan oikumené.⁹¹

Pendeta Pelayanan Khusus (PPK) menika pendhita ingkang dipun pilih, dipun tahbisaken/tetepaken tuwin dipun utus kanggé bebahan mirunggan trep kaliyan kabetahanipun gréja, klasis, sinode utawi saking panyuwunanipun bebadan (pakempalan) ingkang dipun temtokaken.⁹² Bebahanipun PPK menika:

1. Nindakaken bebahan-bebahan kapandhitan miwah bebahan mirunggan trep kaliyan kabetahaning gréja, klasis, sinode utawi bebadan⁹³
2. njagi sesambedan ingkang saé kalayan gréja ingkang ngutus, alantaran anggènipun tumut ing paladosan ingkang wonten sesambedanipun kaliyan gréja sadangunipun mboten ngganggu bebahan bakenipun; dalah
3. ndamel lapuran dhateng gréja, klasis, utawi sinode ingkang ngutus.

Pandongga

(Pandongga pacawisan tumindakipun tahbisan tuwin pangutusan PPK)

⁹¹ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

⁹² Pir. Tata Gereja Pasal 14.

⁹³ Pir. Tata Laksana Pasal 7.6.b.iii.

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk ingkang badhé dipun tahbisaken tuwin dipun utus minangka PPK, kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan netepi timbalan minangka PPK, kula aturi mangsuli pitakèn menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan minangka Pendhita lantaran pasamuwani-Pun wonten ing tetangsulaning rerukunan kaliyan Klasis tuwin Sinode GKJ?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka PPK kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja, klasis, sinode, bebadan (pakempalan) paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Iggih, kanthi gumolonging manah.")

Paladosan Berkah Tahbisan

(Sadaya pendhita ingkang rawuh tumut numpangaken asta)

Ing ngarsanipun Gusti saha ing ngajenging pasamuwani-Pun, Panjenengan dipun tahbisaken minangka pendhita:

Gusti Allah Inggang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan dados Pendeta Pelayanan Khusus kanggé ngabaraken pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken. Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Pandongan Sokur

(Pandongan sokur kagem sadhèrèk ingkang dipun tahbisaken tuwin dipun utus minangka PPK, kanggé gréja dalah bebadan)

Pasrahan Simbul-simbul Paladosan.

1. Ngagemaken toga/busana liturgis kapandhitan.
2. Srah-srahan praboting Sakramèn Baptis
"Mulané padha lungaa, sakèhing bangsa padha dadèkna murid-Ku, klawan dibaptisi ing asmané Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci,"⁹⁴
3. Srah-srahan praboting Sakramèn Bujana
"Awit saben-saben kowé padha mangan roti iki sarta ngombé ing tuwung iki, iku ateges kowé padha martakaké sédané Gusti nganti tumeka ing rawuhé."⁹⁵
4. Srah-srahan Kitab Suci
"Kowé nggelarna pangandika, samektaa ing waktu kang becik utawa kang ora becik, nuduhna apa kang salah, ngélingna lan mituturana kalawan sakèhing kasabaran lan piwulang."⁹⁶

⁹⁴ Matius 28:19

⁹⁵ 1 Korintus 11:26

⁹⁶ 2 Timotius 4:2

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Tahbisan tuwin Pangutusan

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Pendhita ingkang dipun tahbisaken tuwin dipun utus madhep dhateng pasamuwan)

Pendhita, ing ngajeng Panjenengan menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin ladosana masarakat.

Pasamuwan ingkang kinasih, ing ngajeng panjenengan sadaya menika Pendhita kita ingkang ugi dipun utus kanggé ngladosi ing Tampènana, tresnanana tuwin biyantona supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Pendhita ingkang dipun tahbisaken tuwin dipun utus nglajengaken liturgi)

PRATÉLAN

PANGUTUSAN PENDETA PELAYANAN

KHUSUS

(PPK)



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken pangutusan Pendeta Pelayanan Khusus (PPK).

Minangka gesang-réligius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, pasamuwan nggadhahi kepemimpinan ingkang dumados saking kalih sisih. *Kapisan*, sisih kaallahan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning Allah lantaran Roh Suci ngagem Kitab Suci minangka pirantosi-Pun. *Kaping kalih*, sisih kamanungsan ing pundi pasamuwan dipun pimpin déning manungsa ingkang dipun timbali déning Allah minangka mitra tunggil ayahan ingkang kaparingan ganjaran kalenggahan ing pasamuwan.⁹⁷

Pendhita menika kalenggahan ing pasamuwan, saé asipat fungsional menapadéné struktural, ingkang kaparingaken minangka ganjaran dhateng satunggaling tiyang ingkang dipun timbali, dipun pilih, tuwin dipun tahbisaken kanggé ngladosi pasamuwan sawetahing wekdal. Sesarengan Pinisepuh tuwin Dhiaken, Pendhita dados ingkang kawogan tanggel jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing

⁹⁷ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 9.

babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja. Wondéné bebahan mirunggan pendhita menika memulang tuwin ngladosaken sakramèn, kalawan tebaning paladosan nyrambahi wewengkon pasamuwan sapanggénan, klasis, sinodhe, dalah gréja-gréja sanès ing salebeding tetangsulan oikumené.⁹⁸

Pendeta Pelayanan Khusus (PPK) menika pendhita ingkang dipun pilih, dipun tahbisaken/tetepaken tuwin dipun utus kanggé bebahan mirunggan trep kaliyan kabetahanipun gréja, klasis, sinode utawi saking panyuwunanipun bebadan (pakempalan) ingkang dipun temtokaken.⁹⁹ Bebahanipun PPK menika:

1. Nindakaken bebahan-bebahan kapandhitan miwah bebahan mirunggan trep kaliyan kabetahaning gréja, klasis, sinode utawi bebadan¹⁰⁰
2. nJagi sesambedan ingkang saé kalayan gréja ingkang ngutus, alantaran anggènipun tumut ing paladosan ingkang wonten sesambedanipun kaliyan gréja sadangunipun mboten ngganggu bebahan bakenipun; dalah
3. nDamel lapuran dhateng gréja, klasis, utawi sinode ingkang ngutus.

Pandong

<i>(Pandong pacawisan tumindakipun pangutusan PPK)</i>
--

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk ingkang badhé dipun utus minangka PPK, kula aturi jumeneng, inggih menika

⁹⁸ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

⁹⁹ Pir. Tata Gereja Pasal 14.

¹⁰⁰ Pir. Tata Laksana Pasal 7.6.b.iii.

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan netepi timbalan minangka PPK, kula aturi mangsuli pitakèn menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan minangka Pendhita lantaran pasamuwani-Pun wonten ing tetangsulaning rerukunan kaliyan Klasis tuwin Sinode GKJ?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka PPK kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja, klasis, sinode, bebadan (pakempalan) paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan dados Pendeta Pelayanan Khusus kanggé ngabaraken pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken. Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Paladosan Berkah Tahbisan

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandonge Sokur

(Pandonge sokur kagem sadhèrèk ingkang dipun utus minangka PPK, kanggé gréja dalah bebadan)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Pangutusan

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Pendhita ingkang dipun utus madhep dhateng pasamuwan)

Pendhita, ing ngajeng Panjenengan menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin sesarengan kaliyan pasamuwan ladosana masarakat.

Pasamuwan ingkang kinasih, ing ngajeng panjenengan sadaya menika Pendhita kita ingkang ugi dipun utus kanggé ngladosi ing Tampènana, tresnanana tuwin biyantunana supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Pendhita ingkang dipun utus nglajengaken liturgi)

PRATÉLAN ÉMÉRITASI PENDHITA



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken éméritasi pendhita.

Kalenggahan pendhita kanggé salaminé gesang. Pendhita éméritus menika pendhita ingkang dipun aturi pakurmatan déning gréja amargi sampun nggayuh yuswa 60 (suwidak) taun utawi amargi pawadan mirunggan ingkang saged nuhoni tanggel jawab.¹⁰¹ Nalika pendhita lumebet ing wekdalipun éméritus, sacara struktural mboten malih dados pérangan saking wargaming pradata pasamuwan. Sanadyan makaten, pendhita éméritus tetep nindakaken pigunaning kapandhitanipun.

Pandongga

<i>(Pandongga pacawisan tumindakipun éméritasi pendhita)</i>
--

TUMINDAKIPUN

Éméritasi

Pendhita ingkang badhé nampèni éméritasi kula aturi jumeneng, inggih menika

¹⁰¹ Pir. Tata Gereja Pasal 13.

Pendhita ingkang kinasih, dinten menika Panjenengan sampun lumebet ing wekdalipun éméritus. Kanthi angucap sokur dhumateng Gusti Yésus Kristus, Sesirahing Pasamuwan, ing wekdal menika (nyebataken dinten, tanggal, wulan, tuwin taun) sacara resmi Panjenengan dipun pratélakaken dados Pendhita Éméritus.

Atas namining Gereja-gereja Kristen Jawa, pradata kaliyan sadaya warganing GKJ, Klasis, dalah Sinode GKJ, kula ngaturaken panuwun dhateng Panjenengan ingkang sampun sesarengan nindakaken bebahan paladosan kanthi setya tuwin tanggel jawab. Ugi ngaturaken panuwun dhateng brayat Panjenengan ingkang sampun mbiyantu paladosan Panjenengan.

Sanadyan Panjenengan sampun lumebet ing wekdalipun éméritus, Panjenengan karsaa tetep nglajengaken pangabdèn tuwin paladosan dhumateng Gusti, gréja dalah masarakat.

PANUTUP

Pandongan Sokur

(Pandongan sokur kanggé pendhita éméritus, dipun kubengi déning para pendhita ingkang rawuh)

Pasrahan Kekancingan Éméritasi Pendhita

(Pendhita ingkang mentas katetepaken éméritusipun nglajengaken liturgi)

PRATÉLAN KEPYAKAN TUWIN PANGUTUSAN TENAGA PELAYANAN KHUSUS (TPK)



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawraton ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken kepyakan tuwin pangutusan Tenaga Pelayanan Khusus (TPK).

Tenaga Pelayanan Khusus (TPK) menika tenaga sanès pendhita ingkang dipun pilih, dipun timbali tuwin dipun utus kanggé bebahan-bebahan mirunggan trep kaliyan kabetahanipun gréja, klasis, sinode utawi saking panyuwunanipun bebadan ingkang dipun temtokaken.

¹⁰² Tenaga Pelayanan Khusus (TPK) gadhah kuwajiban kanggé:¹⁰³

1. Nindakaken bebahan trep kaliyan kabetahaning paladosan mirungganipun gréja, klasis, sinode utawi bebadan ingkang dipun ladosi.
2. nJagi sesambetan ingkang saé kalayan gréja ingkang ngutus, alantaran anggènipun tumut ing kagiyatan-kagiyatan gréja sadangunipun mboten ngganggu bebahan bakenipun minangka TPK.
3. nDamel lapuran anggènipun nindakaken bebahan dhateng gréja, klasis, utawi sinode ingkang ngutus kanthi tindhesan dhateng bebadan ingkang dipun ladosi.

¹⁰² Pir. Tata Gereja Pasal 15.1.

¹⁰³ Pir. Tata Gereja Pasal 15.2.

Pandongga

(Pandongga pacawisan tumindakipun pangutusan TPK)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk ingkang badhé dipun kepyakaken tuwin dipun utus minangka TPK kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan netepi timbalan minangka TPK, kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan minangka TPK lantaran pasamuwani-Pun?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka TPK kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja, klasis, sinode, bebadan paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan

Atas namining gréja, kula ngepyakaken Panjenengan dados Tenaga Pelayanan Khusus; Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namaning gréja, kula ngutus Panjenengan minangka Tenaga Pelayanan Khusus kanggé nindakaken bebahan ngabaraken pakaryanipun Gusti Allah ingkang milujengaken.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandongo Sokur

(Pandongo sokur kagem Sadhèrèk ingkang dipun utus minangka TPK, kanggé gréja/klasis/sinode/bebadan)

PANUTUP

Pasrahan Kekancangan Anggènipun Kaangkat dados TPK

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(TPK ingkang dipun kepyakaken tuwin dipun utus madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, ing ngajeng panjenengan sadaya menika Sadhèrèk, menika Tenaga Pelayanan Khusus (TPK) ingkang dipun utus ngladosi ing Tampènana, tresnanana tuwin biyantonana supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(TPK ingkang dipun kepyakaken tuwin dipun utus dipun aturi lenggah)

PRATÉLAN PALÈRÈHAN TENAGA PELAYANAN KHUSUS (TPK)



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken palèrèhan Tenaga Pelayanan Khusus (TPK).

Tenaga Pelayanan Khusus (TPK) menika tenaga sanès pendhita ingkang dipun pilih, dipun timbali tuwin dipun utus kanggé bebahan-bebahan mirunggan trep kaliyan kabetahanipun gréja, klasis, sinode utawi saking panyuwunanipun bebadan ingkang dipun temtokaken.¹⁰⁴ Tenaga Pelayanan Khusus (TPK) gadhah kuwajiban kanggé:¹⁰⁵

1. Nindakaken bebahan trep kaliyan kabetahaning paladosan mirungganipun gréja, klasis, sinode utawi bebadan ingkang dipun ladosi.
2. njagi sesambetan ingkang saé kalayan gréja ingkang ngutus, alantaran anggènipun tumut ing kagiyatan-kagiyatan gréja sadangunipun mboten ngganggu bebahan bakenipun minangka TPK.
3. nDamel lapuran anggènipun nindakaken bebahan dhateng gréja, klasis, utawi sinode ingkang ngutus kanthi tindhesan dhateng bebadan ingkang dipun ladosi.

¹⁰⁴ Lih. Tata Gereja Pasal 15.1.

¹⁰⁵ Lih. Tata Gereja Pasal 15.2.

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun palèrèhan TPK)

TUMINDAKIPUN

Palèrèhan

Tenaga Pelayanan Khusus ingkang purna wekdaling paladosanipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Manut pranatan, wekdaling paladosan Panjenengan minangka Tenaga Pelayanan Khusus sampun purna. Kanthi menika kula nélakaken sacara resmi bilih Panjenengan sampun mungkasi wekdaling paladosan minangka Tenaga Pelayanan Khusus.

Gréja ngaturaken panuwun menggahing paladosan Panjenengan tuwin kula sadaya ngajeng-ajeng, Panjenengan tansaha mampeng ing salebeding paladosan.

Pasrahan Kekancingan Palèrèhan Tenaga Pelayanan Khusus

PANUTUP

Pandong Sokur

(Pandong sokur kanggé Sadhèrèk ingkang sampun mungkasi wekdaling paladosanipun minangka Tenaga Pelayanan Khusus)

(Tenaga Pelayanan Khusus ingkang sampun purna wekdaling paladosanipun dipun aturi lenggah)

PRATÉLAN PALÈRÈHAN TUWIN KEPYAKAN ANGGOTANING BADAN PELAYANAN GEREJAWI (BPG)



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawraton ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken palèrèhan tuwin kepyakan anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi (BPG).

Pradataning pasamuwan saged ndamel badan-badan pelayanan gerejawi.¹⁰⁶ Salebedipun nindakaken bebahanipun, badan-badan pelayanan gerejawi kasebat gadhah tanggel jawab dhateng pradataning pasamuwan.

Pandongga

(Pandongga pacawisan lampahing palèrèhan tuwin kepyakan anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi)

¹⁰⁶ Pir. Tata Laksana Pasal 9.4.

TUMINDAKIPUN

Palèrèhan

Anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi ingkang purna wekdaling paladosanipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Manut pranataning gréja, wekdaling paladosanipun Sadhèrèk (-sadhèrèk) minangka anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi sampun purna. Kanthi menika, kula nélakaken sacara resmi bilih Sadhèrèk (-sadhèrèk) sampun mungkasi paladosanipun minangka anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi.

Pradataning pasamuwan tuwin warganing pasamuwan ngaturaken panuwun menggahing paladosan Panjenengan saha kula sadaya ngajeng-ajeng Panjenengan tansaha mepeng ing salebeding paladosan.

(Anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi ingkang purna wekdaling paladosanipun dipun aturi lenggah nunggil warganing pasamuwan)

Pananting

Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang badhé dipun kepyakaken minangka anggotaning BPG kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi, kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi?

2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi

Atas namining gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi; Ing Asmanipun Rama, Putra lan Roh Suci.

Pangutusan Anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur kanggé Sadhèrèk (-sadhèrèk) ingkang purna wekdaling paladosanipun tuwin ingkang dipun kepyakaken minangka anggotaning BPG)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Anggènipun Kaangkat dados anggotaning BPG

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning BPG ingkang dipun kepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelayanan Gerejawi ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantonana Sadhèrèk (-sadhèrèk) menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning BPG ingkang mentas dipun kepyakaken dipun aturi lenggah)

PRATÉLAN PALÈRÈHAN, KEPYAKAN TUWIN PANGUTUSAN ANGGOTANING BADAN PELAKSANA MIWAH BADAN PENGAWAS KLASIS



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun dipunpancasi ing Parepatan kaping GKJ Klasis, ing pangibadah menika badhé kaladosaken palèrèhan, kepyakan tuwin pangutusan Anggotaning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Klasis

Klasis menika tetangsulaning geguyubanipun sawetawis GKJ ing wewengkon kang katemtokaken, ingkang kanthi cara géografis sami-sami sesandhingan, kadhasaraken ing pangaken menggahing patunggilaning pasamuwan kadosdéné ingkang dipunyektosaken ing Kitab Suci, Pokok-pokok Ajaran GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ.¹⁰⁷

Ginanipun Klasis:¹⁰⁸

1. Mitulungi GKJ ing wewengkonipun ngantos piyambak-piyambak miwah sesarengan kecongga ngreksa tuwin ngrimati adegipun, nindakaken bebahan timbalanipun minangka gréja, sarta ngudi mekaring GKJ ing wewengkon kasebat;

¹⁰⁷ Pir. Tata Gereja Pasal 17.1.

¹⁰⁸ Pir. Tata Gereja Pasal 17.2.

2. Salebetipun geguyuban kaliyan Klasis-klasis sanèsipun, saben Klasis ngreksa tuwin ngrimati adegipun Klasis-klasis miwah Sinode, nindakaken bebahan timbalan gréja ingkang dipunsarujuki sesarengan kanggé dipuntindakaken déning Klasis, sarta mekaraken GKJ sawetahipun ing sadaya péranganing paladosanipun.

Ancasipun Klasis:¹⁰⁹

1. Kareksaning saha karimating adegipun GKJ, kaleksananing bebahan timbalanipun gréja, sarta mekaring GKJ ing wewengkon kasebat.
2. Kareksaning saha karimating adegipun Klasis-klasis miwah Sinode salebetipun nindakaken bebahan timbalanipun gréja ingkang dipun dipunsarujuki sesarengan ngantos GKJ mekar sawetahipun ing sadaya péranganing paladosanipun.

Patraping mranata klasis dipuntindakaken déning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Klasis ingkang kekalihipun mujudaken kamanunggalaning bebadan klasis tuwin nggadhahi bebahan nindakaken pancasan-pancasan parepatan klasis sarta ngemunah daya kakiyatan ingkang wonten kanggé nyengkuyung paladosan klasis. Salebeting nindakaken bebahanipun, Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis tumungkul dhateng Kitab Suci, PPA GKJ, TGTL GKJ dalah pranatan-pranatan sanès ingkang sah, sarta tanggel jawab dhateng GKJ sa Klasis alantaran parepatan Klasis.¹¹⁰

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun palèrèhan, kepyakan dalah pangutusan anggotaning Badan Pelaksana miwah Badan Pengawas Klasis)

¹⁰⁹ Pir. Tata Gereja Pasal 17.3.

¹¹⁰ Pir. Tata Gereja Pasal 17.5.

TUMINDAKIPUN

Palèrèhan

Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang purna wekdaling paladosanipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Manut pranatan, wekdaling paladosan Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis sampun purna. Kanthi menika kula nélakaken sacara resmi bilih Panjenengan sadaya sampun mungkasi paladosanipun minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

Gréja ngaturaken panuwun menggahing paladosan Panjenengan, kula sadaya ngajeng-ajeng Panjenengan tansaha mepeng ing salebeding paladosan.

Pasrahan Kekancingan Palèrèhan Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

<i>(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang purna wekdaling paladosanipun dipunaturi lenggah)</i>

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipun kepyakaken minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, kula aturi mangsuli pitakèn menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan klasis, gréja-gréja, bebadan paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

Atas namning gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis; Ing Asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandonge Sokur

(Pandonge sokur menggahing palèrèhan, kepyakan dalah pangutusan anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis)

PANUTUP

Pasrahan Kekancangan Anggènipun Kaangkat minangka Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantona Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis dipunaturi lenggah)

PRATÉLAN PALÈRÈHAN, KEPYAKAN TUWIN PANGUTUSAN ANGGOTANING BADAN PELAKSANA MIWAH BADAN PENGAWAS SINODE



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun dipunpancasi ing Parepatan Sinode GKJ, ing pangibadah menika badhé kaladosaken palèrèhan, kepyakan tuwin pangutusan Anggotaning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Sinode GKJ.

Sinode menika tetangsulaning geguyubanipun sadaya GKJ saking klasis-klasis, kadhasaraken ing pangaken menggahing patunggilaning pasamuwan kadosdéné ingkang dipunyektosaken ing Kitab Suci, Pokok-pokok Ajaran GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ.¹¹¹

Ginanipun Sinode:¹¹²

1. Mitulungi ngreksa tuwin ngrimati adegipun gréja, saé ing wewengkon sapanggénan menapadéné sinodal.
2. Mitulungi nindakaken bebahan timbalanipun gréja.
3. Mitulungi ngudi mekaring gréja.

¹¹¹ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.1.

¹¹² Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.2.

Ancasipun Sinode:¹¹³

1. Kareksaning saha karimating adegipun gréja, saé ing wewengkon sapanggénan menapadéné sinodal.
2. Kaleksananing bebahan timbalanipun gréja.
3. Maujuding mekaripun gréja.

Wondéné patraping mranata sinode dipuntindakaken déning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Sinode ingkang kekalihipun mujudaken kamanunggalaning bebadan sinode tuwin nggadhahi bebahan nindakaken pancasan-pancasan parepatan sinode sarta ngemunah daya kakiyatan ingkang wonten kanggé nyengkuyung paladosan sinode. Salebeting nindakaken bebahanipun, Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode tumungkul dhateng Kitab Suci, PPA GKJ, TGTL GKJ dalah pranatan-pranatan sanès ingkang sah, sarta tanggel jawab dhateng GKJ sa-Sinode alantaran parepatan Sinode.¹¹⁴

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun palèrèhan, kepyakan dalah pangutusan anggotaning Badan Pelaksana miwah Badan Pengawas Sinode)

TUMINDAKIPUN

Palèrèhan

Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode ingkang purna wekdaling paladosanipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Manut pranatan, wekdaling paladosan Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode GKJ sampun purna. Kanthi menika kula nélakaken sacara resmi bilih Panjenengan sadaya sampun mungkasi paladosan minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode GKJ.

¹¹³ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.3.

¹¹⁴ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.5.

Gréja ngaturaken panuwun menggahing paladosan Panjenengan sadaya, kula sadaya ngajeng-ajeng Panjenengan tansaha mampeng ing salebeding paladosan.

Srah-srahan Kekancinganing Palèrèhan Badan Pelaksana dalam Badan Pengawas Sinode

(Anggotaning Badan Pelaksana dalam Badan Pengawas Sinode GKJ ingkang purna wekdaling paladosanipun dipunaturi lenggah)

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipun keyakaken minangka anggotaning Badan Pelaksana dalam Badan Pengawas Sinode kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelaksana dalam Badan Pengawas Sinode, kula aturi mangsuli pitakèn menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelaksana dalam Badan Pengawas Sinode?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelaksana dalam Badan Pengawas Sinode kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan sinode, klasis-klasis, gréja-gréja, bebadan paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Iggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode

Atas namning gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode; Ing Asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode, kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur menggahing palèrèhan, kepyakan dalah pangutusan anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Anggènipun Kaangkat minangka Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantonana Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode ingkang dipunkepyakaken dipunaturi lenggah)

PRATÉLAN PALÈRÈHAN, KEPYAKAN TUWIN PANGUTUSAN ORGAN YAYASAN/LEMBAGA PELAYANAN GEREJAWI



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken palèrèhan, kepyakan tuwin pangutusan organ Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi.

Kanggé nindakaken bebahanipun, gréja/klasis/sinode saged ndhapuk Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi. Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi mujudaken pérangan saking gegelitaning sariranipun Sang Kristus, inggih menika gréja, ingkang dipunutus kanggé nindakaken bebahan mirunggan jumbuh kaliyan jinising paladosanipun kanggé pakabaran pakaryanipun Allah ingkang milujengaken. Salebetipun nindakaken bebahanipun, Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi njumbuhaken tumindakipun tuwin mundhi tanggel jawab dhateng gréja/klasis/sinode ingkang ngutus.

Pandong

(Pandong pacawisan tumindaking palèrèhan, kepyakan tuwin pangutusan organ Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi)

TUMINDAKIPUN

Palèrèhan

Anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi..... ingkang purna wekdaling paladosanipun kula aturi jumeneng, inggih menika

Manut pranatan, wekdaling paladosan Panjenengan minangka anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi sampun purna. Kanthi menika kula nélakaken kanthi cara resmi bilih Panjenengan sampun mungkasi kalenggahan minangka anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi

Gréja ngaturaken panuwun menggahing paladosan Panjenengan tuwin kula sadaya ngajeng-ajeng Panjenengan tansaha empeng ing salebeding paladosan.

Pasrahan Kekancinganing Palèrèhan Organ Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi

<i>(Anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi ingkang purna wekdaling paladosanipun dipunaturi lenggah)</i>
--

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipunkepyakaken minangka anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi, kula aturi mangsuli pitakènana menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi kanthi sawetahing tanggung jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan gréja/klasis/sinode miwah sadaya pirantos paladosan Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi dalah masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulana Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Organ Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi*

Atas namining gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi; Ing Asmanipun Rama, Putra lan Roh Suci.

Pangutusan Organ Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi, untuk memberitakan penyelamatan Allah.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pandonga Sokur

(Pandonga sokur kanggé palèrèhan, kepyakan tuwin pangutusan anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi)

PANUTUP

Pasrahan Kekancangan Anggènipun Kaangkat minangka Anggotaning Pembina/ Pengurus/Pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantona Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning pembina/pengurus/pengawas Yayasan/Lembaga Pelayanan Gerejawi ingkang dipunkepyakaken dipunaturi lenggah)

**) Katrangan:*

Kanggé ngleresaken pangertosan menggahing status pembina yayasan tuwin/utawi pengurus lembaga-lembaga ingkang dipundegaken déning gréja gegayutan kaliyan Undhang-undhang ingkang saha saha nggadahi kakiyatan ukum, mila saben anggotaning pembina yayasan dalah/utawi pengurus lembaga gerejawi GKJ wajib nelukaken dhiri dhateng gréja dalah dipunkepyakaken déning gréja.

Mligi kanggé anggotaning pengurus dalah pengawas yayasan, menawi dipunkersakaken kanggé dipunkepyakaken déning pembina nipun, mila kepyakan kasebat saged katindakaken trep kaliyan tata-cara/protokol kepyakan anggotaning pengurus dalah pengawas ingkang mlampah ing yayasan kasebat. Wondéné tumindakipun dipunajeng-ajeng tetep katindakaken ing salebeting ibadah ingkang asipat gréja ngantos tumut nampèni dhawuh saha berkah pangutusan saking gréja.

Bab-bab tèknis sesambetan kaliyan kepyakan organ yayasan/lembaga pelayanan gerejawi saged karembag langkung rumiyin ngantos ibadah kepyakan saha pangutusan organ yayasan/lembaga pelayanan gerejawi saged mlampah kanthi saé tuwin gangsar kagem kaluhuraning Asmanipun Gusti.

PRATÉLAN TUMANGKARING GRÉJA



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken cak-cakan anggènipun nangkaraken GKJ dados GKJ dalah GKJ

Anggènipun nangkaraken GKJ dipuntindakaken kanggé tumindaking mekaraken gréja, kanthi nggatosaken gunggungipun warga pasamuwan, cakupaning wewengkon paladosan, dalah/utawi pawadan sanès ingkang dipuntampi tuwin dipunsarujuki sesarengan déning gréja, sarta sampun dipuntetepaken ing parepatan klasis.¹¹⁵

GKJ dipunpimpin déning pradataning pasamuwan, tuwin ingkang sampun keconggh mranata, mekaraken, tuwin nragadi dhirinipun piyambak, sarta nunggilaken dhiri kaliyan GKJ sanès ing wewengkon klasis dalah sinode.¹¹⁶

Minangka satunggaling gesang-religius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, gréja mbetahaken para pemimpin. Gusti kepareng nimbali para palados mirunggan ing kalenggahan pasamuwan, inggih menika pinisepuh, pendhita, miwah dhiaken. Pradataning pasamuwan dados ingkang kawogan tanggel jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja.

¹¹⁵ Pir. Tata Gereja Pasal 5.

¹¹⁶ Pir. Tata Gereja Pasal 1.

Pinisepuh nggadhahi bebahan mirunggan mranata gesangipun gréja; Pendhita nggadhahi bebahan mirunggan memulang tuwin ngladosaken sakramèn, kalawan tebaning paladosan nyrambahi wewengkon pasamuwan sapanggénan, klasis, sinode, dalah gréja-gréja sanès ing salebeding tetangsulan oikumené; dalah Dhiaken nggadhahi bebahan mirunggan olah kawelasan dhateng warganing pasamuwan tuwin masarakat.¹¹⁷

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun Nangkaraken Gréja)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipuntetepaken minangka anggotaning pradata pasamuwan kula aturi jumeneng, inggih menika

.....

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggota pradataning pasamuwan, mila kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan sadaya ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggota pradataning pasamuwan?
2. Menapa Panjenengan sadaya sagah nindakaken bebahan minangka anggota pradataning pasamuwan kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sadaya sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sadaya sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

¹¹⁷ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Tetapan Anggota Pradataning Pasamuwan

Atas namining gréja, kula netepaken Panjenengan sadaya minangka anggota pradataning pasamuwan. Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggal jawab. Amin.

Pratélaning Nangkaraken Gréja

Kanthi sampun kaleksananipun tetapan anggota pradataning pasamuwan, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi tumangkaripun GKJ dados GKJ dalah GKJ

Pandonge Sokur

(Pandonge sokur menggahing patrap nangkaraken gréja)

PANUTUP

Pasrahan Simbul Nangkaraken Gréja

(*Kitab Suci, PPA GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ, prabot sakramèn, Buku Induk Warga Gereja tuwin kajangkepan piranti administrasi sanèsipun*).

Pasrahan Kekancingan Nangkaraken Gréja

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggota pradataaning pasamuwan ingkang katetepaken kalenggahanipun madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggota pradataaning pasamuwan ingkang nembé kémawon dipun tetepaken menika. Tresnanana tuwin biyantónana Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang nembé kémawon dipun tetepaken, ing ngajeng Panjenengan menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin ladosana masarakat.

(Anggota pradataaning pasamuwan nglenggahi palenggahanipun pradataaning pasamuwan)

PRATÉLAN MANUNGGALING GRÉJA



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawraton ingkang sah, wonten ing ibadah menika badhé kaladosaken cak-cakan manunggaling gréja, inggih menika GKJ dalah GKJ dados GKJ

Manunggaling GKJ dipuntindakaken kanggé tumanjaning paladosan, kanthi nggatosaken gunggungipun warganing pasamuwan, cakupaning wewengkon paladosan, dalah/utawi pawadan sanès ingkang dipuntampi tuwin dipunsarujuki sesarengan déning gréja, sarta sampun dipuntetepaken ing parepatan klasis.¹¹⁸

GKJ dipunpimpin déning pradataning pasamuwan, tuwin ingkang sampun keconggh mranata, mekaraken, tuwin nragadi dhirinipun piyambak, sarta nunggilaken dhiri kaliyan GKJ sanès ing wewengkon klasis dalah sinode.¹¹⁹

Minangka satunggaling gesang-religius sesarengan ingkang underanipun wonten ing Gusti Yésus Kristus, gréja mbetahaken para pemimpin. Gusti kepareng nimbali para palados mirunggan ing kalenggahan pasamuwan, inggih menika pinisepuh, pendhita, miwah dhiaken. Pradataning pasamuwan dados ingkang kawogan tanggel jawab menggahing kagiyatan gréja, saé ing babagan pakabaran pakaryaning Allah ingkang milujengaken, pangrimat lestantuning kawilujengan, menapadéné organisasi gréja.

¹¹⁸ Pir. Tata Gereja Pasal 5.

¹¹⁹ Pir. Tata Gereja Pasal 1.

Pinisepuh nggadhahi bebahan mirunggan mranata gesangipun gréja; Pendhita nggadhahi bebahan mirunggan memulang tuwin ngladosaken sakramèn, kalawan tebaning paladosan nyrambahi wewengkon pasamuwan sapanggénan, klasis, sinode, dalah gréja-gréja sanès ing salebeding tetangsulan oikumené; dalah Dhiaken nggadhahi bebahan mirunggan olah kawelasan dhateng warganing pasamuwan tuwin masarakat.¹²⁰

Pandongga

(Pandongga pacawisan tumindakipun Manunggaling Gréja)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipuntetepaken minangka anggotaning pradata pasamuwan kula aturi jumeneng, inggih menika

.....

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggota pradataning pasamuwan, mila kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan sadaya ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggota pradataning pasamuwan?
2. Menapa Panjenengan sadaya sagah nindakaken bebahan minangka anggota pradataning pasamuwan kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sadaya sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sadaya sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

¹²⁰ Pir. PPA GKJ Bab IV.4.c; Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 10.

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Tetepan Anggota Pradataning Pasamuwan

Atas namining gréja, kula netepaken Panjenengan sadaya minangka anggota pradataning pasamuwan. Ing Asmanipun Rama, Putra, tuwin Roh Suci.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pratélaning Manunggalipun Gréja

Kanthi sampun kaleksanan tetepan anggota pradataning pasamuwan, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi manunggalipun GKJ dalah GKJ dados GKJ

Pandonge Sokur

(Pandonge sokur menggahing patrap Manunggalipun Gréja)

PANUTUP

Pasrahan Simbul Manunggaling Gréja

(Kitab Suci, PPA GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ, prabot sakramèn, Buku Induk Warga Gereja tuwin kajangkepan piranti administrasi sanèsipun).

Pasrahan Kekancingan Manunggaling Gréja

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggota pradataaning pasamuwan ingkang katetepaken kalenggahanipun madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggota pradataaning pasamuwan ingkang nembé kémawon dipun tetepaken menika. Tresnanana tuwin biyantunana Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang nembé kémawon dipun tetepaken, ing ngajeng Panjenengan menika pasamuwanipun Gusti ingkang kedah Panjenengan engèn. Engènen pasamuwanipun Gusti menika kanthi sawetahing katresnan tuwin ladosana masarakat.

(Anggota pradataaning pasamuwan nglenggahi palenggahanipun pradataaning pasamuwan)

PRATÉLAN TUMANGKARING KLASIS



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun dipunpancasi ing Parepatan Sinode GKJ sarta sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, ing pangibadah menika badhé kaladosaken cak-cakan anggènipun nangkaraken Klasis dados Klasis dalah Klasis

Klasis menika tetangsulaning geguyubanipun sawetawis GKJ ing wewengkon kang katemtokaken, ingkang kanthi cara géografis sami-sami sesandhingan, kadhasaraken ing pangaken menggahing patunggilaning pasamuwan kadosdéné ingkang dipunyektosaken ing Kitab Suci, Pokok-pokok Ajaran GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ.¹²¹

Ginanipun Klasis:¹²²

1. Mitulungi GKJ ing wewengkonipun ngantos piyambak-piyambak miwah sesarengan kecongah ngreksa tuwin ngrimati adegipun, nindakaken bebahan timbalanipun minangka gréja, sarta ngudi mekaring GKJ ing wewengkon kasebat;
2. Salebetipun geguyuban kaliyan Klasis-klasis sanèsipun, saben Klasis ngreksa tuwin ngrimati adegipun Klasis-klasis miwah Sinode, nindakaken bebahan timbalan gréja ingkang dipunsarujuki sesarengan kanggé dipuntindakaken déning Klasis, sarta mekaraken GKJ sawetahipun ing sadaya péranganing paladosanipun.

¹²¹ Pir. Tata Gereja Pasal 17.1.

¹²² Pir. Tata Gereja Pasal 17.2.

Ancasipun Klasis.¹²³

1. Kareksaning saha karimating adegipun GKJ, kaleksananing bebahan timbalanipun gréja, sarta mekaring GKJ ing wewengkon kasebat.
2. Kareksaning saha karimating adegipun Klasis-klasis miwah Sinode salebetipun nindakaken bebahan timbalanipun gréja ingkang dipun dipunsarujuki sesarengan ngantos GKJ mekar sawetahipun ing sadaya péranganing paladosanipun.

Anggènipun nangkaraken klasis dipuntindakaken kanggé tumanjaning paladosan, kanthi nggatosaken gunggungipun GKJ ing wewengkon klasis, cakupaning wewengkon paladosan, dalah/utawi pawadan sanès ingkang dipuntampi tuwin dipunsarujuki sesarengan déning klasis, sarta sampun dipuntetepaken ing parepatan sinode.¹²⁴

Patraping mranata klasis dipuntindakaken déning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Klasis ingkang kekalihipun mujudaken kamanunggalaning bebadan klasis tuwin nggadhahi bebahan nindakaken pancasan-pancasan parepatan klasis sarta ngemunah daya kakiyatan ingkang wonten kanggé nyengkuyung paladosan klasis. Salebeting nindakaken bebahanipun, Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis tumungkul dhateng Kitab Suci, PPA GKJ, TGTL GKJ dalah pranatan-pranatan sanès ingkang sah, sarta tanggel jawab dhateng GKJ sa Klasis alantaran parepatan Klasis.¹²⁵

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun Nangkaraken Klasis)

¹²³ Pir. Tata Gereja Pasal 17.3.

¹²⁴ Pir. Tata Gereja Pasal 17.6.

¹²⁵ Pir. Tata Gereja Pasal 17.5.

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipun kepyakaken minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, kula aturi mangsuli pitakèn menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan klasis, gréja-gréja, bebadan paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

Atas namning gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis; Ing Asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ..., kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pratélaning Nangkaraken Klasis

Kanthi sampun kaleksananipun tetapan anggota Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi tumangkaripun Klasis dados Klasis dalah Klasis

Pandonge Sokur

<i>(Pandonge sokur menggahing patrap nangkaraken Klasis)</i>
--

PANUTUP

Pasrahan Kekancangan Anggènipun Kaangkat minangka Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

Pasrahan Simbul Nangkaraken Klasis

<i>(Pirantining administrasi Klasis)</i>
--

Pasrahan Kekancangan Nangkaraken Klasis

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantonana Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis dipunaturi lenggah)

PRATÉLAN

MANUNGGALING KLASIS



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun dipunpancasi ing Parepatan Sinode GKJ sarta sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawraton ingkang sah, ing pangibadah menika badhé kaladosaken manunggaling klasis, inggih menika Klasis dalah Klasis dados Klasis

Klasis menika tetangsulaning geguyubanipun sawetawis GKJ ing wewengkon kang katemtokaken, ingkang kanthi cara géografis sami-sami sesandhingan, kadhasaraken ing pangaken menggahing patunggilaning pasamuwan kadosdéné ingkang dipunyektosaken ing Kitab Suci, Pokok-pokok Ajaran GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ.¹²⁶

Ginanipun Klasis:¹²⁷

1. Mitulungi GKJ ing wewengkonipun ngantos piyambak-piyambak miwah sesarengan kecongga ngreksa tuwin ngrimati adegipun, nindakaken bebahan timbalanipun minangka gréja, sarta ngudi mekaring GKJ ing wewengkon kasebat;
2. Salebetipun geguyuban kaliyan Klasis-klasis sanèsipun, saben Klasis ngreksa tuwin ngrimati adegipun Klasis-klasis miwah Sinode, nindakaken bebahan timbalan gréja ingkang dipunsarujuki sesarengan kanggé dipuntindakaken déning Klasis, sarta mekaraken GKJ sawetahipun ing sadaya péranganing paladosanipun.

¹²⁶ Pir. Tata Gereja Pasal 17.1.

¹²⁷ Pir. Tata Gereja Pasal 17.2.

Ancasipun Klasis.¹²⁸

1. Kareksaning saha karimating adegipun GKJ, kaleksananing bebahan timbalanipun gréja, sarta mekaring GKJ ing wewengkon kasebat.
2. Kareksaning saha karimating adegipun Klasis-klasis miwah Sinode salebetipun nindakaken bebahan timbalanipun gréja ingkang dipun dipunsarujuki sesarengan ngantos GKJ mekar sawetahipun ing sadaya péranganing paladosanipun.

Manunggalipun klasis dipuntindakaken kanggé tumanjaning paladosan, kanthi nggatosaken gunggungipun GKJ ing wewengkon klasis, cakupaning wewengkon paladosan, dalah/utawi pawadan sanès ingkang dipuntampi tuwin dipunsarujuki sesarengan déning klasis, sarta sampun dipuntetepaken ing parepatan sinode.¹²⁹

Patraping mranata klasis dipuntindakaken déning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Klasis ingkang kekalihipun mujudaken kamanunggalaning bebadan klasis tuwin nggadhahi bebahan nindakaken pancasan-pancasan parepatan klasis sarta ngemunah daya kakiyatan ingkang wonten kanggé nyengkuyung paladosan klasis. Salebeting nindakaken bebahanipun, Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis tumungkul dhateng Kitab Suci, PPA GKJ, TGTL GKJ dalah pranatan-pranatan sanès ingkang sah, sarta tanggung jawab dhateng GKJ sa Klasis alantaran parepatan Klasis.¹³⁰

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun Manunggaling Klasis)

¹²⁸ Pir. Tata Gereja Pasal 17.3.

¹²⁹ Pir. Tata Gereja Pasal 17.6.

¹³⁰ Pir. Tata Gereja Pasal 17.5.

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipun kepyakaken minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan klasis, gréja-gréja, bebadan paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis

Atas namning gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis; Ing Asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pratélaning Manunggalipun Klasis

Kanthi sampun kaleksananipun tetepan anggota Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi manunggalipun Klasis dalah Klasis dados Klasis

Pandong a Sokur

(Pandong a sokur menggahing Manunggalipun Klasis)

PANUTUP

Pasrahan Simbul Manunggaling Klasis

(Pirantining administrasi Klasis)

Pasrahan Kekancingan Manunggaling Klasis

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantonana Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Klasis dipunaturi langkah)

PRATÉLAN TUMANGKARING SINODE



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun dipunpancasi ing Parepatan Sinode GKJ sarta sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, ing pangibadah menika badhé kaladosaken cak-cajan anggènipun nangkaraken Sinode GKJ dados Sinode dalah Sinode

Sinode menika tetangsulaning geguyubanipun sadaya GKJ saking klasis-klasis, kadhasaraken ing pangaken menggahing patunggilaning pasamuwan kadosdéné ingkang dipunyektosaken ing Kitab Suci, Pokok-pokok Ajaran GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ.¹³¹

Ginanipun Sinode:¹³²

1. Mitulungi ngreksa tuwin ngrimati adegipun gréja, saé ing wewengkon sapanggénan menapadéné sinodal.
2. Mitulungi nindakaken bebahan timbalanipun gréja.
3. Mitulungi ngudi mekaring gréja.

Ancasipun Sinode:¹³³

1. Kareksaning saha karimating adegipun gréja, saé ing wewengkon sapanggénan menapadéné sinodal.
2. Kaleksananing bebahan timbalanipun gréja.
3. Maujuding mekaripun gréja.

¹³¹ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.1.

¹³² Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.2.

¹³³ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.3.

Anggènipun nangkaraken sinode dipuntindakaken kanggé tumanjaning paladosan, kanthi nggatosaken gunggungipun GKJ ing wewengkon sinode, cakupaning wewengkon paladosan, dalah/utawi pawadan sanès ingkang dipuntampi tuwin dipunsarujuki sesarengan déning klasis, sarta sampun dipuntetepaken ing parepatan sinode.¹³⁴

Wondéné patraping mranata sinode dipuntindakaken déning Badan Pelaksana tuwin Badan Pengawas Sinode ingkang kekalihipun mujudaken kamanunggalaning bebadan sinode tuwin nggadhahi bebahan nindakaken pancasan-pancasan parepatan sinode sarta ngemunah daya kakiyatan ingkang wonten kanggé nyengkuyung paladosan sinode. Salebeting nindakaken bebahanipun, Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode tumungkul dhateng Kitab Suci, PPA GKJ, TGTL GKJ dalah pranatan-pranatan sanès ingkang sah, sarta tanggel jawab dhateng GKJ sa-Sinode alantaran parepatan Sinode.¹³⁵

Pandongga

<i>(Pandongga pacawisan tumindakipun Nangkaraken Sinode)</i>
--

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipun keyakaken minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode, kula aturi mangsuli pitakènan menika:

¹³⁴ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.6.

¹³⁵ Pir. Tata Gereja GKJ Pasal 18.5.

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode kanthi sawetahing tanggel jawab?
3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan sinode, klasis-klasis, gréja-gréja, bebadan paladosan ingkang gegayutan kaliyan gréja saha masarakat?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode

Atas namning gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode; Ing Asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode, kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Inggang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pratélaning Nangkaraken Sinode

Kanthi sampun kaleksananipun tetepan anggota Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi tumangkaripun Sinode dados Sinode dalah Sinode

Pandonge Sokur

(Pandonge sokur menggahing patrap Nangkaraken Sinode)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Anggènipun Kaangkat minangka Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode

Pasrahan Simbul Nangkaraken Sinode

(Pirantining administrasi Sinode)

Pasrahan Kekancingan Nangkaraken Sinode

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantona Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode dipunaturi lenggah)

PRATÉLAN MANUNGGALING SINODE



BEBUKA

Cecala

Pasamuwan ingkang kinasih, kados ingkang sampun dipunpancasi ing Parepatan Sinode GKJ, sarta sampun kawartosaken dhateng pasamuwan tuwin mboten wonten kawratan ingkang sah, ing pangibadah menika badhé kaladosaken manunggaling Sinode GKJ dalah Sinode dados Sinode

Sinode menika tetangsulaning geguyubanipun sadaya GKJ saking klasis-klasis, kadhasaraken ing pangaken menggahing patunggilaning pasamuwan kadosdéné ingkang dipunyektosaken ing Kitab Suci, Pokok-pokok Ajaran GKJ, Tata Gereja dalah Tata Laksana GKJ.¹³⁶

Ginanipun Sinode:¹³⁷

1. Mitulungi ngreksa tuwin ngrimati adegipun gréja, saé ing wewengkon sapanggénan menapadéné sinodal.
2. Mitulungi nindakaken bebahan timbalanipun gréja.
3. Mitulungi ngudi mekaring gréja.

Ancasipun Sinode:¹³⁸

1. Kareksaning saha karimating adegipun gréja, saé ing wewengkon sapanggénan menapadéné sinodal.
2. Kaleksananing bebahan timbalanipun gréja.
3. Maujuding mekaripun gréja.

¹³⁶ Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 18.1.

¹³⁷ Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 18.2.

¹³⁸ Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 18.3.

Manunggalipun sinode dipuntindakaken kanggé tumanjaning paladosan, kanthi nggatosaken gunggungipun GKJ ing wewengkon sinode, cakupaning wewengkon paladosan, dalah/utawi pawadan sanès ingkang dipuntampi tuwin dipunsarujuki sesarengan.¹³⁹

Wondéné patraping mranata sinode dipuntindakaken déning badan pelayanan sinode ingkang kajibah nindakaken pancasan-pancasaning parepatan sinode dalah ngemunah daya kakiyatan ingkang wonten kanggé nyengkuyung paladosan sinode. Salebeting nindakaken bebahanipun, badan pelayanan kasebat tumungkul dhateng Kitab Suci, Ajaran Gereja, Tata Gereja dalah pranatan-pranatan gréja ingkang dipunsusun tuwin dipunsarujuki sesarengan, sarta tanggel jawab dhateng gréja-gréja anggota alantaran parepatan sinode.¹⁴⁰

Pandong

(Pandong pacawisan tumindakipun Manunggaling Sinode)

TUMINDAKIPUN

Pananting

Sadhèrèk-sadhèrèk ingkang badhé dipun kepyakaken minangka Badan Pelayanan Sinode kula aturi jumeneng, inggih menika

Supados pasamuwan dados seksi menggah katemenan Panjenengan dados anggotaning Badan Pelayanan Sinode, kula aturi mangsuli pitakènan menika:

1. Menapa Panjenengan ngakeni bilih Gusti Allah nimbali Panjenengan lantaran pasamuwani-Pun, minangka anggotaning Badan Pelayanan Sinode?
2. Menapa Panjenengan sagah nindakaken bebahan minangka anggotaning Badan Pelayanan Sinode kanthi sawetahing tanggel jawab?

¹³⁹ Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 18.6.

¹⁴⁰ Kcn. Tata Gereja GKJ Pasal 18.5.

3. Menapa Panjenengan sagah nyambutdamel sesarengan kaliyan sadaya pirantos paladosan sinode?
4. Menapa Panjenengan sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Kadospundi wangsulan Panjenengan?

(Kawangsulan: "Inggih, kanthi gumolonging manah.")

Kepyakan Anggotaning Badan Pelayanan Sinode

Atas namning gréja, kula ngepyakaken Panjenengan sadaya dados anggotaning Badan Pelayanan Sinode; Ing Asmanipun Rama, Putra tuwin Roh Suci.

Pangutusan

Atas namining gréja, kula ngutus Panjenengan sadaya minangka anggotaning Badan Pelayanan Sinode, kanggé nindakaken bebahan paladosan.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Paladosan Berkah

Gusti Allah Ingkang Mahaasih mberkahi Panjenengan sadaya kanggé nindakaken bebahan paladosan kanthi sawetahing tanggel jawab. Amin.

Pratélaning Nangkaraken Sinode

Kanthi sampun kaleksananipun tetapan anggota Badan Pelaksana dalah Badan Pengawas Sinode, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi tumangkaripun Sinode dados Sinode dalah Sinode

Pratélaning Manunggalipun Sinode

Kanthi sampun kaleksananipun tetapan anggota Badan Pelayanan Sinode, minangka abdinipun Gusti Allah kula nélakaken bilih ing dinten menika (*nyebutaken dinten, tanggal, wulan, taun*) sampun resmi manunggalipun Sinode dalah Sinode dados Sinode

Pandongga Sokur

(Pandongga sokur menggahing Manunggalipun Sinode)

PANUTUP

Pasrahan Kekancingan Anggènipun Kaangkat minangka Badan Pelayanan Sinode

Pasrahan Simbul Manunggaling Sinode

(Pirantining administrasi Sinode)

Pasrahan Kekancingan Manunggaling Sinode

Pasrahan dhateng Pasamuwan

(Anggotaning Badan Pelayanan Sinode ingkang dipunkepyakaken madhep dhateng pasamuwan)

Pasamuwan ingkang kinasih, tampènana anggotaning Badan Pelayanan Sinode ingkang mentas dipun kepyakaken. Tresnanana tuwin biyantonana Sadhèrèk-sadhèrèk menika, supados saged nindakaken bebahanipun kanthi sawetahing tanggel jawab.

(Anggotaning Badan Pelayanan Sinode dipunaturi lenggah)

Diterbitkan:

**YAYASAN TAMAN PUSTAKA KRISTEN INDONESIA
Bekerjasama dengan
SINODE GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA**

